

**МАДИ РÆВДУДÆЙ КА ФÆХХАЙГИН ÆЙ, АМОНДГУН Е ÆЙ!..**

***Максим ГОРЬКИЙ (1868-1936), финсæг: «Табу кæнæн ниййерæг мадæн. Уой уарзондзийнадæн нæййес арæнтæ, уой æхсирæй исгъомбæл æй æнæгъæнæ дуйне. Адæймагмæ хуарзæй цидæриддæр ес, уони еугурæйдæр райста хори тунтæй æма мади æхсирæй, – уой фæрци нин æй уоййасæбæл адгин цард дæр...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№30 (901) 2023 анзи 12 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


## НÆ РАЗАГЪДИ ЛÆГТÆ



### НÆ ДЗИЛЛÆ'Й ЗÆРДИРАЙÆЙ ИМИСУНЦÆ

Иристонæн хъæбæр берæ, абони дæр ма парахаттæй кæмæй пайда кæнæн, уæхæн агъазиау хуæрзти ка бацудæй, уонæй еу æй **Махъоти Салай фурт Хаджумар** – нæ республики фиццаг профессионалон гидроэнергетик, Уæрæсей æскъуæлхт энергетик, гидроэлектростанцити Теркаг каскади бундорæвæрæг. Дзæуæгигъæуи æма Эзмини ГЭС-ти директор, еугонд «Севкавказэнерго»-й дирекций разамонæг... Æ рохс ном ин абони уомæ гæсгæ имисæн, æма 15 августи æ райгурдбæл æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1913-1977). Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.





# ЗАДÆЛЕСКИ НАНАЙ УАЙДЗÆФ

Аци дууæ къари æмвæрстæ хумæтæги нæ мухур кæнæн: еуеми си æвдист цæуй Задæлески Нанай æнæмæнгæ сорæт, иннеми ба уинетæ нуриккон æригон мадæ æма æ сабийти. Æркæсетæ æма расагъæс кæнетæ, Задæлески Нанайæй кæд сæрустур ан æма 'й кадгин кæнæн, уæд æй фæнзгæ ба цæмæннæ кæнæн е 'скъуæлхтдзийнадæй? Недзаманти нæ адæми дзилагæ бунисæфт ку кодта знæгти къохтæй, уæд еци гъезæмайраг уавæрти аци силгоймагмæ разиндтæй хъаурæ æма нифс, еугæйттæй фембурд кодта, ка ма райервазтæй, еци сувæллæнтти, æрбатумугъ сæ кодта æма уой фæрци нæуæгæй исцардгъон æнцæ нæ адæм.

Уæд абони аккаг уавæрти мах цæмæннæ батухсæн нæ адæми карнæбæл, исонибони ци æма кудтитæ уодзинан, уобæл. Нæ сæрмæ 'й куд хæссæн, анзæй-анзмæ нæ бæрцæ минкъиййæй-минкъийдæр ке кæнуй, уой? Зæгъæн, аци анзи фиццаг æмбеси Цæгат Иристони игуруннади бæрцæ, фари аци афони хæццæ рабаргæй, фæмминкъийдæр æй: райгурдæй нæмæ **3433** сабийи, фарæ ба нæуæгигурдти бæрцæ адтæй **3740**. Уой хæццæ ба ма уой дæр зæгъун гъæуй æма нæмæ фæмминкъийдæр æй, как рамардæй, уони бæрцæ: 2023 анзи фиццаг æмбеси сæ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй **3522** адæймаги, 2022 анзи фиццаг æмбеси ба – **4575** адæймаги.

Раст зæгъгæй, ранимад бæрæггæнæнтæ æвдесунцæ нæ республики цæрæг еугур адæмихæттити еумæйаг уавæр. Фал, баруагæс уи уæд, нæ адæми туххæй демографион æвдесæнтæ дæр нæ хъæбæр уæззау сагъæсти æфтаунцæ.

...Алли анз дæр хъæбæр парахаттæй исбæрæг кæнæн Задæлески Нанай бон. Нæхецæй хъæбæр ниббоз уæн, æгайтима уæхæн бæрæгбон бабæй райаразтан, зæгъгæ. Фал, цума Задæлески Нана ба ни боз æй? Æности идæрдтæй нæмæ, æвæдзи, фæккæсуй æма нийнæфуй: «Мæнæн бæрæгбæнттæ аразуни бæсти уæ исонибони дзилагæбæл батухсетæ...» Æма ин æ еци раст уайдзæф фегъосдзинан?..

Абони ба мухур кæнæн (**4–5-аг. фæрстæбæл**) Задæлески Нанай туххæй таурæхътæй еу, кæдимайди ба нин е дæр нæ зундирахаст фæррæстмæ унæн фæййагъаз уидæ.

## ФÆДЕСИ ГЪÆР!..



### АМБРОЗИ – АДÆМИ ГЪЕЗÆМАРÆГÆНÆГ

Мæнæ дæлдæр ци æрмæг мухур кæнæн, уомæн уæхæн уæлсæргонд – «Фæдеси гъæр!» ке равардтан, уой фæдбæл кадæртæ, ка 'й зонуй, бадестæ кæндзæнæнцæ: «Уанцон нæй – фæдеси гъæр!.. Уанæбæрæг ци 'рцудæй?..»

Æцæгæйдæр, дæлæ цидæр хъилма кæрдæг кедæрти хъор кæнуй, æма уой фæдбæл фæдестæ кæнæн?.. Уотæ ка сагъæс кæнуй, етæ хъæбæр рæдуйунцæ. Еци хъилма кæрдæг – амбрози – хъæбæр берети уотид хъор нæ, фал син хъæбæр гъезæмæрттæ æвзарун кæнуй. Нæ бон æй уотæ зæгъун дæр, æма уой фудæй равзургæ уавæр хъæбæр сагъæссаг исуй не 'хсæнадæн æнæгъæнæйдæр. Еузагъдæй, исуй агъазиау социалон-экономикон сæринез. Уомæн æма еци хъилма кæрдæги фудæй ка фæссæйгæ уй, етæ гъезæмарæ кæнунцæ, æнхæстæй косунгъон нæбал фæуунцæ, æма кустадæ къулумпитæгонд цæуй. Уомæ гæсгæ ба аци фарстамæ уæлæнгай цæстингасæй кæсун æгириддæр не 'нгъезуй.

2


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Виссарион БЕЛИНСКИЙ (1811-1848), литературон критик: «Сугъзæрийнæ астæуккæгтæ ке хонунцæ, айдагъдæр етæ фæппайда кæнунцæ уæлæнхасæн бартæй – маке багъигæдарæ, архайæ уобæл, цæмæй дин знæгтæ ма уа æма дæ гъолæ еудадзугдæр сах баддзæнæй...»***

## ЕУГУРУÆРÆСЕУОН ÆРКАСТ




Цæгат Иристони бæрæггонд æрцудæнцæ Еугуруæрæсеуон конкурс «Хуæздæр муниципалон практикæ»-йи регионалон æркасти бæрæггæнæнтæ. Ци æртæ фæлхатæнеми си цудæй ерис, уонæй алкæмидæр исбæлвурд кодтонцæ æртæ уæлахезони.

Цæгат Иристон нур цалдæр анзи архайуй аци конкурси. Æ нисан æй бунæттон хеунаффæйади хуæздæр практикæ раратсун, рапарахат æй кæнун æма сæ исхуарзæнхгин кæнун. Уомæй уæлдай ба ма хъæбæр ахсгиаг равгæ æй бунæттон цардиуаги аллихузон фарстатæ афойнадæбæл æма гъæугæ хузи лух кæнунæн.

Раззагдæрти æрмæгутæ æрвист æрцæуудзæнæнцæ «Хуæздæр муниципалон практикæ»-йи федералон къæпхæни æркастмæ.

## МЕДИЦИНОН КЪАБАЗИ КОСГУТИ ХУАРЗÆН



Медицинон къабази косгутæн 2025 анзæй фæстæмæ улупа фист цæудзæнæй нæуæг уагæвæрдмæ гæсгæ.

Нуртæккæ центрон æма районти сæйгæдæнтти дохтиртæ уæлæнхасæн феддонæн есунцæ 18,5 мин соми, райдайæн къабази дохтиртæ – 14,5 мин соми, тагъд агъази дохтиртæ – 11,5 мин соми. Уæхæн сæйгæдæнтти астæуккаг медицинон персонал алли мæйæ дæр уæлæнхасæн феддонæн есунцæ 8 мин соми, райдайæн къабази астæуккаг медицинон персонал – 6,5 мин соми, агъази фельдшертæ æма медицинон хуæртæ – 7 мин соми, кæстæр медицинон персонал – 4 мини. Агъазагор ка 'рбадзоруй, уонæн дзуапдæттæг тагъд медицинон агъази фельдшертæ есунцæ уæлæнхасæн алли мæйæ 4,5 мин соми.

## МАДДÆЛОН КАПИТАЛИ ФÆРЦИ



Аци анзи райдайæнæй нурмæ 1600 цæгатиристойнаг бийнонти сæ цæрæнуатон уавæртæ фæннивæбæл кодтонцæ нийïерæги капитали агъазæй. Аци гъуддаги фæдбæл, Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ арæзтадон косæндæнтти, банкти, цæрæнуатон кооперативтæ æма хецæн адæймæгути хигъдтæмæ барвиста 915 миллион сомей бæрцæ. Сувæллонбæл æртæ анзи ку исæнхæст уа, уæд нийïергутæн ес, банкæй æфстау нæ райсгæй, цæрæнуат балхæнунæн нийïерæги капитали фæрæзнитæ уæйæгæнæгмæ комкоммæ уагæй барветуни барæ. Маддæлон капиталæй испайда кæнуни туххæй курдиæдтæ барветæн ес берæкъабазгин центри, Социалон фонди клиентон служби, уæдта электрон портал «Госуслуги»-й фæрци.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ.

2023 анзи фиццаг æмбеси Цæгат Иристони банктæ республики цæргутæн 2023 анзи фиццаг æмбеси фæлхасадон æма æндæр æфстæутти хузи равардтонцæ 37 миллиард сомей бæрцæ (2022 анзи еци æмгъуди хæццæ рабаргæй 1,8 хатти фулдæр).

***

**Цæгат Иристони цæргутæй æгуст ка 'й æма официалон æгъдауæй профилон ведомстви регистрацигонд ка 'рцудæй, еци адæми нимæдзæ æй 3 миней бæрцæ. Адæмæн куст дæттуни фæдбæл архайæг республикон служби минæвари загъдмæ гæсгæ, фæллойни базари карздзийнади къæпхæн дæр рæстæмбес нимадæй бæрзонд нæй – 2,5 еуæги (гъома, еу уæгъдæ косæн бунати хигъдмæ регистрацигонд æрцудæнцæ дууæ æгуст адæймаги).**

***

Аци анз Еугуруæрæсеуон фæсевæдон форум «Машук»-и архайуни туххæй курдиæдтæ балæвардтонцæ аст мин адæймагемæй фулдæр. Мадзал цæугæ ба кæндзæнæй цалдæр кезуемæй – 12 августæй 26 августи уæнгæ. Сæ архайгутæ исуодзæнæнцæ ахургæнгутæ æма уæлæнхасæн ахурадæ æма гъомбæлади специалисттæ, гъомбæлгæнгутæ æма библиотекити косгутæ, уæлдæр æма астæуккаг профессион ахуради косæндæнтти студенттæ, блогертæ, нæуæгдзаути раздзæугутæ æма уотæ идарддæр. Форуми организацион комитети унаффæмæ гæсгæ, аци анзи форуми сæйрагдæр темæбæл нимад æрцудæй Ахургæнæг æма зундамонæги анз.

***

**Национ проектти уагæвæрдтæ æнхæст кæнунæн 2023 анзи Цæгат Иристони нисангонд æрцудæй 9,3 миллиард сомей бæрцæ. Анзи æмгъудæн ци пълантæ арæзт æрцудæй, етæ æнхæстгонд цæунцæ афойнадæбæл. Еумæ райсгæй, национ проектти уагæвæрдмæ гæсгæ, республики арæзт æма бундоронæй цалцæггонд цæунцæ 150 аллихузон ахсгиаг объекти. Еци нимæдзæй 21 объектей арæзтадæ нуриуæнгæ рахецæн æй, 25 объектемæн ба сæ цæттæдзийнади къæпхæн 80 процентемæй фæффулдæр æй.**

***

Уæрæсей Хецауади сайт куд фегъосун кодта, уотемæй Цæгат Иристон сувæллæнтти фæлладуагъди къабази райрæзтæн уæлæнхасæн райсдзæнæй 28,4 миллион сомей бæрцæ фæрæзнитæ.

## ФÆДЕСИ ГЪÆР!



# АМБРОЗИ – АДÆМИ ГЪЕЗÆМАРÆГÆНÆГ

Амбрози фиццагидæр фæззиндтæй Цæгат Америки, фæстæдæр ба ниппурхæ 'й берæ æндæр бæститæбæл дæр. Æма нуртæккæ кæмидæриддæр ирæзуй, уоми алкæмидæр нимад æй карантинон, гъома, тæссаг, адæймагæн зæранхæссæг зайæгойбæл.

Цæмæн ку фæрсайтæ, уæд æ деденæг калуни рæстæг æ ругæ аллергион нез – поллинозæй, берæ адæймæгути ке гъезæмарæ кæнуй, уой туххæй. Адæймаг уомæй хъæбæр фехснирсуй, гъостæ æма фий рахгæнунцæ, цæстисугтæ фæккæлунцæ, сæр фæрресуй, фулдæр хатт бауæри тæвдæ уæлæмæ исхезуй. Уомæй уæлдай амброзий ругæй сæйгæ кæнунцæ астмæй, æндæр уæззау незтæй.

Нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради нин куд радзурдтонцæ, уотемæй поллинозæй сæйгити бæрæггæнæнтæ (100 мин цæрæги хигъдмæ) кæд Цæгат Иристони дæлдæр æнцæ Цæгат Кавкази федералон зилди медæги иннæ регионти хæццæ рабаргæй, уæддæр рæстæмбес нимадæй 30 проценти фулдæр æнцæ, Уæрæсей рæстæмбес нимадæй цæйбæрцæ 'нцæ, уомæй. Специалисттæ фæстаг рæстæг фæдеси дзæнгæргутæ цæгъдунцæ: кæд æрæги дæр ма амброзий деденгути ругæ хъор кодта хестæр адæми, уæд нур ба диагноз «поллиноз» ниввæрунцæ минкъий сувæллæнттæн дæр.

Цума уотæ цæмæн æй? Сæйраг фудхæссæгбæл специалисттæ нимайунцæ амброзий хæццæ – зайæгойти 'хсæн тæккæ карздæр незæвзурунгæнæги. Уомæн æма е дзенети рауæн иссирдта нæ республики бæркадгин зæнхæбæл. Куд зонæн, уотемæй амбрози æ буни фæккæнуй хумтæ, рæзæдæнттæ, æма уомæй бæлвурд минкъийдæр фæууй гъæуугонхæдзарадон културити тиллæг. Еу сезонмæ е гектарæй дон бацъируй 900 тонни.

Раздæри æнзти амброзий хæццæ тох кæнунмæ устур æргом здæхт цудæй. Хецаудзийнади бунæттон оргæнтæ унаффæ рахæссиуонцæ аци тæссаг зайæгойти нихмæ мадзæлттæ исаразуни туххæй. Санитарон служжбитæ ба организацити минæвæртти хæццæ бæрæг кодтонцæ уавæр, æма, амбрози кунæггонд кæми нæ цудæй, еци кустуæтти разамонгутæ æма хе хæдзарæдти хецæутти бафхуæриуонцæ бæрзонд иварæй.

Гъулæггагæн, нур уæхæн архайдæн æ кой, æ гъæр дæр нæбал ес, æма амбрози кæми нæ фæззиннуй, еу уæхæн бунат дæр нæййес. Зæрдæбæл дарун гъæуй уой дæр, æма амброзий нихмæ афойнадæбæл гъæугæ мадзæлттæ æнхæстгонд ку нæ цæуа, уæд æ искунæг кæнун хъæбæр исзин уй. Уомæ гæсгæ еци тох райдайун фæгъгъæуй рагацау.

Афойнадæбæл дæрæнгонд ку не 'рцæуй, уæд деденæг калун райдайуй июли дуккаг æмбесæй сауæнгæ æрæгвæззæгмæ. Еу зайæгой ба тæккæ фулдæр раттуй 100 мин мyггаги, æма кæд дуккаг анз сæ фулдæр хай не 'рзайуй, уæддæр сæ цардгъондзийнадæ гъæуайгонд æрцæуй 40 анзей бæрцæ рæстæги.

Ке зæгъун æй гъæуй, амбрози фесафунæн ахсгиаг хуасæ 'й химион бауæргъæдтæй (гербицидтæй) бапурф кæнун, цæмæй æ кой, æ гъæр мабал уа зæнхæбæл. Фал нуртæкки царди уæхæн мадзал æй хъæбæр хъазар, фæрæзнитæ ба нæййес. Уомæ гæсгæ аци зайæгой кунæг кæнунæн хуæздæр мадзал æй бундзарæй æй искунæг кæнун, сæрди æма 'й фæззæги мæйти уæлæмæ искæсун нæ уадзун. Бунæттон хеунаффæйади администрацити разамонгутæ гъæуама иронх ма кæнонцæ уой, æма комкоммæ ихæсгин ке 'нцæ еци зайæгой бундоронæй фесафуни фæдбæл гъæугæ мадзæлттæ æвæстеуатæй æма æнæгъæнæйдæр æнхæст кæнунæй, уæдта си уой тухæй карз дзуапп агурд гъæуама цæуа. Уомæн æма дзубанди цæуй ахсгиагæй-ахсгиагдæр фарстабæл – адæми æнæнездзийнадæ багъæуай кæнунбæл. Æма еци гъуддаги фæдбæл æ комкоммæ ихæстæ æнхæст кæнунмæ ка нæ гъавуй, еци косæг ба æ еци хевастдзийнадæбæл гъæуама дзуапп дætta æ бæрнон бунатæй. Æгæр æй фæккарз кодтан нæ загъд? Мадтæ æндæр хузи куд гъæуама дзурдæуа, адæми æнæнездзийнадæ дæр æма паддзахади экономикон æдасдзийнадæ дæр нимади кæмæ нæй, уæхæн «бæрнон косгути» туххæй?!.

***Æрмæг бацæттæ кодта ГÆТИЙТИ Светланæ***

## АХСГИАГ МАДЗАЛ

# ФИДТÆЛТИ УÆЗÆГ – КÆСТÆРТÆН УОДÆНЦОЙНÆ

Зундгонд куд æй, уотемæй æрæги бабæй нæ республики æ куст райдæдта културон-ахурадон мадзал «Этнолагерь – 2023». Арæзт цæуй æвдæймаг анз. Æ нисан ба æй – нæ адæми минæвæрттæй сæ фидтæлтиккон уæзæгæй еуварсдæр рауæнти нуртæккæ ка цæруй, еци æригæнтти байеу кæнун нæ адæми истори æма културæбæл сæ фехцулдæр кæнун. Проект æнхæстгонд цæуй нæ республики æма æндагон рахастдзийнæдти министради хъæппæресæй.

Алли анз дæр проекти фæййархайунцæ не 'мзæнхон фæсевæдæй Уæрæсей алли рауæнти æма фæсарæнти ка цæруй, уони минæвæрттæ. Аци анз нæмæ ци дæс æма инсæй кизги æма лæхъуæни æрбацудæй, етæ 'нцæ фондз паддзахадемæй – Туркæй, Бельгийæй, Гурдзийæй, Хъазахти Республикæ æма Хонсар Иристонæй, уæдта æртæ уæрæсейаг регионемæй. Фиццаг хатт мадзали фæлгæти архайуй Донецки Адæмон Республикæ, куд Уæрæсей Федераций субъект.

Иуазгутæн аразунцæ балцитæ республики алли рауæнтæмæ, зæрдæбæлдарæн бунæттæмæ, музейтæмæ, практикон ахуртæ не 'взаг базонунæн, кæсунцæ син лекцитæ Иристони истори æма култури тухxæй, мастер-къласти сæ ахур кæнунцæ къеретæ кæнунбæл, зарунбæл, национ кæфтитæ кафунбæл.

Аци мадзали архайгути хæццæ сæрмагондæй фембалдæй нæ республики разамонæг Сергей Меняйло æма сæ хæццæ зæрдтагон дзубандий рæстæг уотæ загъта:

– Нæ еумæйаг бунтæ, нæ уедæгтæ, нæ истори зонун – алли рæстзæрдæ адæймагæн дæр е æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг ихæс æй. Уомæн æма етæ 'нцæ нæ адæм кæмифæнди цæргæй дæр ци хæзнатæ гъæуай кæнунцæ, етæ. Абони национ еудзийнадæн ес устур нисан, куд федералон, уотæ регионалон æмвæзадæбæл дæр. Æма уæхæн проекттæ æнæмæнгæ гъæугæ 'нцæ. Уони фæрци кæрæдзей хуæздæр базонæн ес, не 'хсæн културон еудзийнадæ æвзурун кæнунцæ. Уой хæццæ ма федардæр кæнунцæ нацити 'хсæн културон бастдзийнæдтæ. Æхцæуæн мин æй, уæхе цæститæй нæ республикæ ке фæууидтайтæ, е. Æруагæс ми кæнуй, нæуæгæй бабæй уæ ардæмæ æрбацæуун ке бафæндæ уодзæнæй, е.



**Уæрæсей Тугъдон-Уæлдæфон Тухти бон бæрæггонд цæуй сабати, 12 августи. Нæ бæсти Гæрзефтонг Тухти аци къабази æнтæстгинæй архайунцæ иристойнæгтæй дæр беретæ.**

***Номдзуд нидерландаг хузæгæнæг Рембрандтæн (1606-1669) бауайдзæф кодтонцæ, дæ конд хузтæбæл, дан, армæй ку бандзæвай, уæд æгæр дирзæг æнцæ. Æма син е дæр загъта: «Æз цъулухътæсæрфæг нæ дæн, фал хузæгæнæг!..» Абони дæр нæмæ уæхæн уайдзæфгæнгутæ унаффæгæнæг ке ‘нцæ, уой фудæй хъортæгонд цæуæн...***



# АДÆМИ САГЪÆССАГ ФАРСТАТÆ ГЪÆУАМА ÆНХÆСТГОНД ЦÆУОНЦÆ...

*Е куд æй, æма æнæгъæнæ гъæуи еунæг медицинон косæг дæр, сæйгæ адæмæн си гъæугæ хуастæ балхæнунæн равгитæ ма уæд?*

*Е куд æй, æма ацал-ауал анзи цалцæггонд ма ‘рцæуæд æдеугурæй авдсæдæ метрей дæргъæн над, цæмæй ибæл «Тагъд агъази» хуæдтолгæн уа гъæумæ æнæхъорæй бацæунæн фадуат?*

*Кенæ ахурдзау сувæллæнттæ скъоламæ дууæ километри фестæгæй – уой дæр, бонигъæди æнæбæзгæ уавæрти дæр – цæмæн гъæуама цæуонцæ?*

Аци æма ма берæ æндæр аллихузон фарстати фæдбæл рауадæй дзубанди, нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойæн** æрæги Мæздæги райони косæг балций уогæй, уордигон гъæутæ Минкъий Малгобеки æма Предгорныйи цæргути хæццæ ци фембæлд адтæй, уой рæстæг.

Еци фарстатæ кæд æма еугурæйдæр ахсгиаг æнцæ ами цæрæг адæмæн, уæддæр си кæцидæртæ ба ‘нцæ уæлдай сагъæссаг. Зæгъæн, ами цæрæн рауæнти хъæбæр тæссаг æй зæйластæй. Æма уой фæдбæл дзоргæй, Сергей Меняйло куд загъта, уотемæй республики Хецауади зæрди ке ес зæйтæ рацæунæй тæссаг уавæрти цæрæг адæмæн æндæр рауæн цæрæнуæттæ исаразун. Куд ма загъта, уотемæй берæ æнзти ци фарстамæ гъосдард нæ адтæй, уомæ лæмбунæг каст æма мадзæлттæ арæзт цæуй.

Сергей Меняйло бацудæй зæйтæ рацæуни фудæй зæууатмæ цæуæг хæдзæрттæмæ. Арæзтадæ æма архитектури министрадæн бафæдзахста, цæмæй аци гъæутæмæ специалисттæ æрбарветонцæ, бунæтти æркæсонцæ æма лæмбунæг равзаронцæ цæрæнуæтти уавæртæ, исаразонцæ гъæугæ бæлвурдгæнæн гæгъæдитæ. Мæздæги райони ма ес къуар зони, зæйтæ рацæунæй тæссаг кæми æй – еумæ райсгæй æнцæ 143 хæдзари.

Нæкæси, аци фарста сагъæссаг æй нæ республики цалдæр гъæубæстемæн дæр ма.

Нуртæккæ алли геологон фæззиндтитæй тæссаг кæмæн æй, республики фондз районеми ес еуæндæс уæхæн гъæуи: Уæллаг Мизур, Биз, Зинцъар, Згид – Алагири районы; Къора-Уорсдон – Дигори райони; Æхсæрисæр – Ирæфи райони; Раздзæуæг – Рахесфарси райони; Хъизлар, Минкъий Малгобек æма Предгорныйи гъæутæ – Мæздæги райони. Еци хæдзæртти цæргутæн æндæр рауæнти цæрæнуæттæ исаразунæн багъæудзæнæй миллиард сомемæй фулдæр. Нуртæккæ каст цæуй, еци финансон фæрæзнитæ кæми исамал кæнун æнгъезуй, еци фарстамæ.

Сергей Меняйлой хæццæ фембæлди кæронбæттæни Минкъий Малгобек æма Предгорныйи цæргутæ республики разамонæгæн райарфæ кодтонцæ, сæ лухкæнуйнаг фарстатæмæ син ке ‘ркастæнцæ, уой туххæй. Еци фарстатæ ба баст æнцæ, сæ аллибони цардиуаги сæ хъæбæр ка тухсун кæнуй, уæхæнттæ. Уони кой не ‘рмæги райдайæни дæр ку ракодтан – хуæрзгъæдæ медицинон агъаз æма хуастæ балхæнунæн равгæ ке нæййес, уæдта нæдтæ цалцæг кæнуйнаг ке ‘нцæ, е. Уомæй уæлдай ма Минкъий Малгобеки нæййес, куд æнгъезуй, уæхæн ниуазæн дон. Хуарз уайдæ, сувæллæнтти æдасдзийнади туххæй син автобус лæвæрд ку ‘рцæуидæ скъоламæ ласунæн, уæд.

Сергей Меняйло Мæздæги райони дууæ гъæуи бабæрæг кодта евгъуд сабати, авдисæри ба республики Хецауади иуонгти æма муниципалитетти алли къуæреуон аппаратон æмбурди ба, еци райони гъæути цæргутæ ци социалон фарстатæбæл дзурдтонцæ, уони фæдбæл бæлвурд амунддзийнæдтæ равардта Хецауади иуонгтæ æма муниципалиттети разамонгутæн. Зæгъæн, Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Александр Реутовæн** ихæсгонд æрцудæй, цæмæй фæндитæ æрбадæтта райони гъæути цæргутæн хуæздæр медицинон лæггæдтæ кæнуни фæдбæл. Уомæй уæлдай, профилон ведомствити минæвæрттæн амунд æрцудæй, цæмæй райони гъæути цæргутæ ефтонггонд цæуонцæ гъæугæ хуастæй дæр. Ахурадæ æма науки министрадæ ба бакосдзæнæй бунæттон скъоладзаути ахурмæ ласунæн сæрмагонд автобустæ радех кæнунбæл. Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, артаг æма энергетики министрадæн ба ихæсгонд æй, цæмæй фæннивæбæлдæр кæна бунæттон донуадзæн хæтæлти уавæр.

Уой хæццæ ма, Сергей Меняйло куд бафеппайдта, уотемæй еугур амунд фарстатæ дæр гъæуама цубæрдæр æмгъудтæмæ лухгонд æрцæуонцæ.

***Æрмæг бацæттæ кодта БИЧИЛТИ Алетæ***

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



Паддзах Никъалайи æфсади инæлæрттæй еуемæн æ ординарец еухатт уотæ ку зæгъидæ:

– Абони базари уотæ æригъустон, цума изæри фондз сахаттебæл не ‘фсæдтон хай æстæри цæуй...

Уой райгъосгæй, балхон ку фæтътъæлланг кæнидæ:

– Сæргъæнтæ!.. Æз инæлар ку дæн æма ‘й æз ку нæ зонун, уæд æй етæ ба кутемæйти гъæуама зононцæ!..

Фал дин, æцæгæйдæр, изæрæрдæмæ аци æфсæддон хаййæн бардзурд лæвæрд ку ‘рцæуидæ, цæмæй фондз сахаттебæл сæ бунатæй куд ранæхстæр уонцæ æстæри. Уæд инæлар фæдздзурдта æ ординарецмæ æма ин зæгъуй:

– Цæугæ базармæ æма ‘й базонæ, кумæ цæуæн, уой!..

***

*Еци инæлармæ уæддæр уоййасæбæл лæдæрундзийнадæ разиндтæй æма, адæм зонæнгиндæр ке ‘нцæ, е дæр си баруагæс æй, уой хæццæ ба ма æ сæрмæ æрхаста исаразуйнаг гъуддаги фæдбæл сæ бафæрсунмæ. Нæ нури хецауеуæггæнæг «инæлæрттæмæ» ба нимади нæ ‘нцæ нæдæр адæм, нæдæр ба сæ раст зæгъдтитæ. Æма сæ тифтирикъу «Æз дæн!..» хъоргæнæг кæми ба нæй!.. Уой фудæй нæ æнæмæнгæ райаразуйнаг гъуддæгутæ, адæм сæбæл еудадзуг кæд дзорунцæ æма сæбæл унаффитæ хаст цæуй, уæддæр æнхæстгонд ба нæ цæунцæ. Дæнцитæ? Уæ алфамбулай æркæститæ кæнайтæ æма сæ уæхе цæститæй фæууиндзинайтæ!..*



**Виктория АБРАМЧЕНКО, – Уæрæсей Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг: «Уæ хуарзæнхæй, ма æлхæнетæ алли сезони нæуæг джинситæ!.. Еци-еу джинсити берæ рæстæг ма хæтун æнгъезуй кенæ ба сæ æнгъезуй куддæртæй бахузæнонтæ кæнун...»**

Цæмæдæр гæсгæ ни не ‘руагæс кæнуй, е æхуæдæг еци-еу джинсити (лæдæрæ ‘й – дарæстæ) цалдæр анзи фæддаруй. Мадта нин ци цæсгонæй унаффæ кæнуй, цæмæй анзгæйтти æмпъузт джинсити – дарæсти хæтæн. Не ‘руагæс ни кæнуй е дæр, æма уотид хуæруйнæгтæ балхæнунæн туххæйти ке фæрæзнитæ хъæртунцæ, еци берæ адæм уоййасæбæл ахид æлхæнунцæ джинситæ.



**Дмитрий ПЕВЦОВ, Уæрæсей адæмон артист, Паддзахадон Думи депутат: «Хуæздæр æй уæлæмæ кæсгæй цæрун...»**

Аци загъд куд лæдæргæ ‘й? Уæлæмæ, уæлиау бадæг паддзахеуæггæнгутæмæ кæсæ æма, етæ цидæриддæр зæгъонцæ, уобæл арази уо? Æви?.. Уогæ Паддзахадон Думи бадæг депутаттæ æцæгæйдæр æгæр уæлиаутæмæ ке кæсунцæ, дæлæмæ, сæ равзарæг адæм куд цæрунцæ æма цæбæл æй сæ тухст, е ба сæ гъудий дæр нæй. Уомæ гæсгæ ба фулдæр хæттити уæхæн закъæнттæбæл исгъæлæс кæнунцæ, æма адæймаг сæбæл, сæризундæй æнхæст æнцæ, зæгъгæ, секк кæнун байдайуй. Ци бæсти æма ци зæнхæбæл цæрунцæ уæрæсейæгтæ, уомæ дæр æркæсиайтæ, депутаттæ!



**Николай НИКОЛАЕВ, Паддзахадон Думи депутат: «Æрдæ раййевун – е æримисгæ таурæхъ æй. Раййевун æнгъезуй зундиконд, уагæ, фал æрдæн ба раййевæн нæййес. Е нин æрдзæй лæвæрд æй...**

Æрдзæй ма нин бæргæ лæвæрд цæуй берæ æндæр цидæртæ дæр - æфсармæ, бæрнондзийнадæ... Фал депутаттæн æрдæ æййевуни фарстай рæуæнтти сæ еци æрдзон лæвæрттæ фæццидæр æнцæ, нæбал сæ евдæлуй, адæмæн æцæгæй тухстаг ка ‘нцæ, еци фарстати фæдбæл цардгъон унаффитæ рахæссунмæ. Еци фарстатæмæ ба, баруагæс уи уæд, æрдæ æййевун некæцирдигæй хаст цæуй... Æма уобæл радзубанди-бадзубандити бæсти депутаттæ сæ «тухамæлттæ» адæми сагъæстæбæл архайдмæ ку раййевиуонцæ, уæд кæмити хуæздæр уидæ...

АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ЗÆРДÆХЦÆУÆН ЦАРД ПАДДЗАХÆН ДÆР КУ НÆЙЙЕС!..

***Уæрæсей цæргутæ уæлдай хъæбæрдæр цæмæ бæллунцæ? Еци фарста исбæрæг кæнуни зæрдтæй æхсæнадон цæстингас æртасæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ телефонæй бафарстонцæ нæ бæсти 1600 адæймагей, кæцити бон адтæй æртæ хузи дзуапп раттун.***



Æма куд рабæрæг æй еци æрфарсти, уотемæй адæм уæлдай хъæбæрдæр бæллунцæ сæхе æма сæ хæстæгути æнæнездзийнадæмæ (10%), сæ бийнонти цæрæн уавæртæ фæххуæздæр унмæ (10%) æма балци кæнунмæ (8%). Ке бафарстонцæ, уонæн се ‘мбесæй фулдæр (55%) бæлвурдæй зонунцæ, сæ бæлдитæ кæд исæнхæст уодзæнæнцæ, уой. Сæ зæрди ци ес, е син еу-дууæ анземæ бантæсдзæнæй, зæгъгæ, нисан кæнунцæ 27%, æртæ-фондз анзей дæргъи ба – 15%, уобæл ка нæма расагъæс кодта, уони бæрцæ ба рауадæй 15%.

**Исæнхæст кæнун уин æй бантæсдзæнæй, зæгъгæ, уæмæ уæ кæци бæлдæ кæсуй?**

| | |
|---|---|
| Амондгун бийнонтæ исаразун, хуарз цæуæт исгъомбæл кæнун | 90 |
| Рæстуодæй цард фæццæрун | 85 |
| Нифсгун кæмæй уа, уæхæн æрдхуæрдтæй фæххайгин ун | 85 |
| Цæмæдесаг куст иссерун | 76 |
| Хуæрзгъæдæ ахурадæ райсун | 71 |
| Зæрдæхцæуæн гъуддаги, аййевади архайун | 66 |
| Æнтæстгин исун | 59 |

**Аразæги Бон Уæрæсей бæрæггонд цæудзæнæй хуцаубони 13 августи. Зæрдиагæй арфæ кæнæн аци къабази еугур косгутæн дæр сæ бæрæгбони фæдбæл.**

*Устур Фидибæстон тугъди рæстæг номдзуд уруссаг поэтессæ Аннæ Ахматова эвакуаций адтæй Ташкенти. Еу бон ин æ зонгæ хъазар сæкæри къæрттитæ æрбахаста. Ахматова ин зæрдиаг арфитæ фæккодта. Иуазæги рандæбæл цанæбæрæг рацудæй, уотемæй æ уатмæ æрбауадæй синхæгти фондзанздзуд кизгæ. Силгоймаг ин сæкæри къæрттитæ еугурæйдæр æ къохти*



Задæлески Нанай Хæдзарæ-музей.



# ЗАДÆЛЕСКИ НАНА



***Задæлески Нанай туххæй хъæбæр рагæй дæр адæми исфæлдистади дæр æма аййевадон литератури дæр берæ аллихузон уадзимистæ арæзт æрцудæй æма ма, æвæдзи, идарддæр дæр цæудзæнæй. Уонæй ба, мæнæ абони ци æрмæг мухур кæнæн, уой ба уомæ гæсгæ равзурстан, æма æ ниффинсæг Устур Фидибæстон тугъди архайæг, Цæгат Иристони адæмон финсæг ХЪАЙТУХЪТИ Беслæни фурт Азæмæти райгурдбæл 6 августи – Задæлески Нанай кадæн бæрæгбони тæккæ хуæдфæсте - исæнхæст æй сæдæ анзи (1923-2016). Уой цардвæндаг æма исфæлдистади туххæй æрмæг сæрмагондæй ниммухур кæндзинан нæ газети хæстæгдæр номертæй еуеми. Абони ба уæ зонгæ кæнæн Задæлески Нанай туххæй æ финст таурæхъи хæццæ.***

Ахсахъ-Темур, дан, аллонти фидбилизæн райгурдæй æма сæбæл тоги зæйтæ рауагъта. Дзилати федар дуæрттæ æхсинунæй кæд е ’фсæн дæндæгутæ бафехсудæнцæ, уæддæр æ къулух къах æртæ анзей дæргъи сахари къæсæрбæл байесун нæ бафæразта. Нур ин е ’нæнимæдзæ æфсæдти фæрци æ бундор низзилдта. Уæллаг Дзилати сахармæ хор бони аууон ка дардта, уарун бони имæ æртæх æрхаун ци бæласæ нæ уагъта, уой бундзарæй рахъан кодта. Дор си дорбæл нæбал ниууагъта, сау фунук æй фестун кодта, фал уæддæр æ масти дзæкъолæ дæнгæлæй-дæнгæлдæр кодта.

Сахар гъæуайгæнгутæй чауисти æфсæн къæлæтæй ка райервазтæй, етæ Терки билтæбæл æнæнимæдзæ чауисти нихмæ уæхæн хъазауат исаразтонцæ, æма тохи фæзæмæ идардæй фæлгæсæг Ахсахъ-Темурæн æ сæригъунтæ арцæ исбадтæнцæ. Æ хъайтар чауисти сæртæ сæ гуртæй æсхъиудтæнцæ æма тогвæдгæнгæ Терки донмæ зилдæнцæ.

– У-у, аци гиаури аллонтæ, аци! Аллахмæ дæр не ’гъосунцæ, фал мин сар сæ къона кæндзæнæй, æз син сæ буни гъæр райгъусун кæндзæнæн! – мæстæй æ игæр сугъдæй Ан-Насирæн, уотемæй, æртхъерæнтæ кæнгæ, фæлгæсæн обаумæ исхилдæй.

Терки билæбæл байеудагъ æй æверхъау тугъд. Армидзаг аллонтæ æнæнимæдзæ тухгæнгути апп-уппи исистонцæ. Цæф чауисти нæтун, тарст бæхти хуррут, æхсаргæрдти зæлланг, æндон фæтти æскъот æма æрцити хъирристæй гъостæ къуру кодтонцæ. Чауисти сау сæртæ Терки билæбæл харбузи зад хумтау зиндтæнцæ. Гъе, фал еу чауис кæми æрхауидæ, уоми æ бæсти дæс уæхæни фæллæуидæ.

– Тох, тох! – азæлдæй аллонти нифсхаст гъæлæс æма сæ болат æндон кæрдтæ арвау æрттивтонцæ.

Ахсахъ-Темур æ цæстæ æрæвардта уарийау усхъæй-усхъæмæ тохæг цуппар аллонебæл. Æхсаргардæй сæмæ райамудта æма æ тургаутæн зæгъуй:

– Уæртæ уонæй мин еу аллони уодæгасæй ка ’рбакæна, уомæн – мæ лæвар!

Бардзурд исæнхæст кæнунмæ тургауттæ æма нукерти къуар сæ тæлфагæ бæхти базмæлун кодтонцæ, æма, илалла гъæргæнгæй, тохи будурмæ сæхе рагæлстонцæ. Тументи нæуæг зæйæ дæр бабæй кæцæйдæр фескъудæй, æма будур тоги буни фæцæй. Цуппар уарийи алфамбулай фудголти мæрдти цæндитæ фулдæрæй-фулдæр кодтонцæ. Æртухсти цæг сæбæл æнгонæй-æнгондæр кодта. Уодæгасæй сæ райсунмæ ке гъавунцæ, уой балæдæрдтæнцæ æма, нур кæрæдзей марунмæ фæззелонцæ, зæгъгæ, уотæ зæнхи скъудæй фелвæсæгау, дууæ бæхгини «тох, тох! » гъæргæнгæ, нукерти æма чауисти сæ буни фæккодтонцæ.

– «Тох, тох!», азæлдæнцæ хуæнхтæ, æзмалдæй зæнхæ, болат æхсаргæрдти зæлланг къулух Темури уод æ хъурæй ласта.

Цуппар домбай аллони фатдзæфæй къæхтæбæл лæуунгъон адтæнцæ æма, æртухстæй ку фæуууæгъдæ ’нцæ, уæд сæ гъостæ дууæ аллойнаг бæхгиней гъæр райахæстонцæ:

– Гъæдæмæ, гъæдæмæ, хуæнхон цæргæстæ!

Æма цуппар аллони, кæрæдземæн æгъазгæнгæй, пихсити ранигъулдæнцæ. Уæд дууæ бæхгини дæр, тохи будури æнæнгъæлæги куд февзурдæнцæ, уотæ син сæ думгæ дæр некебал рауидта.

Дзилати будур кæми æнæ цонг, кæми æнæ сæр цагъди мæрддонæ фестадæй. Цæф чауисти гъæрзун, тарст бæхти хуррут æма зæрдæскъунæн гъæрмæ Ан-Насири бауæр сесбунтæ исбадтæй. Сæригъунтæ арцæ исбадтæнцæ, æма, æ бункказ билæ æхсингæй, бартхъерæн кодта:

– Сар уæ къона, сар, аллонтæ, æз сумахæн уæ буни гъæр ку не ’ссæун кæнон!

Азиаг лæборгутæ къуæрей дæргъи нигæдтонцæ сæ цагъд мæрдти. Фал син æнцойнæ нæ лæвардта аллойнаг дууæ æвзонг бæхгини. Кизгæ æма биццеу сæ уадсор бæхтæбæл «тох, тох!» кæнгæ æнæнгъæлти февзурдæнцæ. Зад хумæмæ байервæзæгау знагæй дзæвгарæ æркарстонцæ æма бабæй æвеппайди æрбадæлзæнхæ ’нцæ.

Темуронтæ, бонæ уа, æхсæвæ уа, æнцойнæ нæбал зудтонцæ. Сæрмагонд дружини тугъдонтæ дууæ «сайтани» æрахæссунмæ алли мадзæлттæ аразтонцæ, фал æгириддæр æнгъæл кæми нæ адтæнцæ, уоми бабæй етæ тоги зæйтæ рауагътонцæ.

Аллойнаг дууæ налат бæхгини æртиккаг бон нæбал фæззиндтæнцæ æма фæсæмбесæхсæви азиаг «сайтæнтти» хуссæг æ буни искодта æма, бæхти хузæн хурруттитæгæнгæ фунæй кодтонцæ. Хъалагъурти дæр æрдзи сабурдзийнадæ исустурзæрдæ кодта, æма сæбæл Терки дони аллолайи зартæмæ мæрдфунæй бахуæстæй. Раст еци рæстæг дууæ налат бæхгини лагери февзурдæнцæ æма Ахсахъ-Темури цатирмæ кардæлвæстæй над игæрдун байдæдтонцæ. Фал тургауттæ сæ гумсæгтæ фæдеси хуаст никкодтонцæ. Чауистæ фæссæррæттитæ ластонцæ æма «ил-алла, ил-алла»-йæй бæстæ сæ сæрбæл исистонцæ. Нимпурст фæссикк æй, фал дууæ къæйних бæхгини кæбæлти фæттар æнцæ, уой мингай цæститæ дæр нæбал рауидтонцæ.

Æрбабон æй æма хорискастæй хорнигулæнмæ азиæгтæ фæннигæдтонцæ сæ мæрдтæ. Темури фæдæсгаргутæ

## ЗАДÆЛЕСКИ НАНАЙ КАДÆН БÆРÆГБОН ЗАДÆЛЕСКИ ГЪÆУИ



***фæссагъта. Уотемæй æй ка фæууидта æма имæ дестæгæнгæй ка кастæй, уомæн ба Аннæ еци хумæтæгзæрдæй загъта: «Гæрр, æрра исдæн, ауæхæн дзамани сæкæр мæхуæдæг куд гъæуама бахуæрон?..» Нури бонгин силгоймæгтæ, æгæрон мулкити сæрбæл ка бадуй æма си еуварсмæ морæ дæр кæмæй нæ ададзуй, етæ уотæ бакæниуонцæ? Не ‘нгъæлæн...***



**ТУСКЪАТИ Таймораз, нæ республики Парламенти Сæрдар:**

## «Задæлески Нанай цитгиндзийнадæй сæрустур уогæй, гъæуама кæрæдзей гъæуай кæнæн, нæ зæрдити хуæрзауодунæй!..»





***Задæлески Нанай бæрæгбон аци анз исбæрæг кодтан уæлдай зæрдæхцæуæнæй – фиццаг хатт æй бæрæг кодтан куд Цæгат Иристони еумæйагнацион бæрæгбон, уотæ. Æма амæйфæстæмæ дæр бæрæггонд цæудзæнæй еци хузи. Аци гъуддагæн уоййасæбæл агъазиау нисангонд лæвæрд ке ’рцудæй, е ни алкæмæндæр дессаги æхцæуæн æй, циййнаг гъудитæй нин идзаг кæнуй нæ зæрдитæ – Задалески Нанайæн нæ адæми зæрдити ци кадæ ес æма ’й берæ-берæ æности дæргъи куд цитгинæй имисунцæ, еци фæткæ æгайтима бæрæггонд цæудзæнæй куд еугурадæмон бæрæгбон.***

***Задæлески Нанай агъазиау æскъуæлхтдзийнади фæдбæл хабæрттæ, федарæй ми æруагæс кæнуй, Иристони алли цæрæг дæр зонуй. Недзаманти рæстæг æ тугъдон балцити рæстæг тогмондаг Темури æфсæдтæ нæ рагфидтæлти зæнхитæмæ ку ’рбалæбурдтонцæ æма ами алцидæр дæрæн æма цæгъдун ку байдæдтонцæ, нæ адæм бустæги ку искунæг æнцæ æма бунисæфти уавæри ку бахаудтæнцæ, уæд аци æхсаргин силгоймаг зелунтæ байдæдта, знаг ци рауæнтæ ниддæрæн кодта, уомити æма си æмбурд кодта, нæ адæмихаттæй ма ка фæййервазтæй, еци сувæллæнтти, нæ наций исонибон... Нæдæр æ муггаг, нæдæр æ ном абони бæлвурд нæ ’нцæ, фал æ æгæрон агъазиау æскъуæлхтдзийнади кой ба абони дæр ма арфиагæй цæруй нæ дзилли зæрдити. Æ сорæт æностæмæ байеу æй нæ адæми генетикон зæрдæбæлдарæн æма нæмæ хæстæгдæр ка ’й, уонæмæ уарзондзийнади.***

***Сувæллæнтти гъæуай кæнгæй, гъомбæл сæ кæнгæй, ауодгæй сæбæл, Задæлески Нана æности сæрти еу кæнуй аллихузон адæмихæттити, динти, цардарæзти минæвæртти. Иристони алли къумти сувæллæнттæбæл ка ауодудта, ка сæ багъæуай кодта, еци еугур силгоймæгти сорæттæ æрбамбурд кодта Задæлески Нана. Сæ нæмттæ нæ байзадæнцæ, фал сæ къохи бафтудæй царди æма уарзондзийнади бæгъатæрдзийнадæ.***

***Аци бæрæгбони фæдбæл нæ республики еугур цæргутæн арфæ кæнгæй мæ фæндуй, цæмæй си алке биййонти цардиуагæ дæр уа æнхæст фарнæй, къонай гъарæй, цæмæй си сабийтæ ирæзонцæ цийнæйдзагæй, зæрдигъæлдзæгæй, сæ карнæ уа зæрдæмæдзæугæ æма æнтæстгин. Уарзондзийнадæ уин уæ исонибон кæддæриддæр гъæуай кæнæд, нæ сувæллæнтти худт нæ сабур арви бунмæ цардарæзти игъусæд! Кæрæдзей гъæуай кæнетæ, аргъ кæнетæ, уæ зæрдити гъардзийнадæ лæвар кæнетæ хеуæнттæн, хæстæг уин ка ’й, еци адæмæн!***

къахфехсуд бацæнцæ, се ’взæгутæ ралæсиуонцæ, дууæ æвзугъд бæхгини агоргæй. Ци нæ къотæр, ци нæ доррæбун, ци нæ адагæ, æрхæ æма кæмттæ ба нæ басгарстонцæ, фал – некæми æма неци. Фæллад, фæлмастæй, сæргубурæй ку ’рбаздæхиуонцæ, уæдта син хецау сæ рæгътæбæл æхсæй балæууидæ – нæ арæхсетæ, зæгъгæ.

Темур еу бунати æгæр берæ ке рафæстеуат æй, уобæл мæстæй цæхæртæ калгæй, аллонтæмæ æртхъерæн кодта: «Æз ма сумахæй муггаг ку ниууадзон», зæгъгæ, æма «идарддæр нæуæг стæрмæ уæхе цæттæ кæнетæ», зæгъгæ, бардзурд равардта. Рæвдзæ кодтонцæ сæ хотухтæ æма сæ фадæварцитæ. Бони гъæдæ дæр цидæр раййевæ-баййевæ кодта. Уæд хор цæхæркалгæ ракæсидæ, уæдта æхе мегъти фæсте къæндзæстугхузæй раримæхсидæ. Терки дон дæр уæд тохи зар ниццæгъдидæ, уæдта бабæй зæрдихалæн гъарæнгæ. Уалинмæ дууæ сахъ цæргæси фæззиндтæнцæ æма азиаг тухгæнгути лагери сæрмæ зелун байдæдтонцæ. Ахсахъ-Темур сæмæ, къохауунæй дзæвгарæ фæккастæй, æ гъæуайгæнгутæмæ райамудта, æргæлдзетæ сæ, зæгъгæ. Тургауттæ сæ тохæнгæрзтæмæ фæллæбурдтонцæ, æма æндон фæттæ æзнæт дидинбиндзитау ницъцъуввут ластонцæ. Æртиккаг æхстæн цæргæстæй еу фæккиудтæй æма уæд таргъæдæ ’рдæмæ рафардæг æнцæ.

Хецауи цæстæмæ гъæуайгæнгутæ сæхемæ куд нæ ниццайуонцæ, фал цæргæсбæл ке фат исæмбалдæй, ка рæстдзæвиндæр æй, уобæл ку исхъæлæба æнцæ, раст еци рæстæг лагери искæсæн æрдигæй чауисти ил-алла фæдесгъæр райгъустæй. Æнæнгъæлти бабæй сæмæ аллойнаг дууæ бæхгини æрбалæбурдтонцæ æма, æллæх-æллæх, раст сæбæл цума дæсгай къохтæ адтæй, уоййау «тох, тох!» гъæргæнгæ знæгти сæртæ фæйнердæмæ æсхъеун кодтонцæ. Кæми багъæуидæ, уоми æхсаргæрдтæ сæ дæндæгути ’хсæн райвæргæй, сæ фæттæ æскъот кодтонцæ, сæ тохи гъæр Æргинарæги коми азæлдæй.

Фæлгæсæн уæзæгæй æнæнгъæлæги карз тохмæ кастæй Ахсахъ-Темур. Æ сорхед ракалдæй, æ тугъдмондаг иуæнгтæ ба æхсилкъитæгæнгæ, дууæ аллойнаг бæхгинемæ къохæй амонгæй, æ гъæуайгæстæн зæгъуй: гъири, гъири, гъома, æнæбасæттонтæ. Æвæдзи, еци гъири нæ синхаг адæмтæбæл райгъустæй æма нæ абони дæр цæцæн, дагестайнæгтæ æма мæхъæлæнттæ гъиритæ хонунцæ. Ка ’й зонуй, еци гъиритæмæ гæсгæ нæхуæдтæ нæхе хонун байдæдтан Ир, ирæнттæ.

Тохмондаг Темури исфæндадтæй еци дууæ æнæсæттоней хæццæ лæгæйлæгмæ истохун. Æ хотухтæ æрбабаста, фал имæ цалинмæ æ бæх ластонцæ, уæдмæ уинуй, биццеу-бæхгини хорхи фат иннердæгæй ракастæй. Кеун ку байдæдта, уæд имæ е ’мбал кизгæ-бæхгин фæллæбурдта, æхемæ ’й æрбайста æма таргъæди æ фæд æрбайсавдæй. Сæдæгай чауистæ ’й дууæ бони фæййагурдтонцæ, фал æ фæд еу къæми исæфт фæккодта.

Рамардæй авдуодон сахъ биццеу æ уарзон кизги гъæбеси. Æргинарæги коми, адæймаги къах кæми нæма нифсардæй, уоми ’й, ставд цæстисуг калгæй банигæдта. Рохсаг уо, рохсаг, загъта, æма ’й æ фæллад къæхтæ кумæ хастонцæ, уоцирдæмæ, æ идарддæри цардбæл сагъæсгæнгæй, рараст æй. Лæгсирдтæй æхе римæхсгæй, цудæй, сирд дæр кæми на балæстайдæ, уæхæн пихсæ æма синдзити ’хсæнти. Æ къохтæ æма цæсгон ницъцъæрæмухститæ ’нцæ, æ уæледарæс, цума ’й арс ниттудта, уоййау нискъудтæ ’й. Дуккаг изæр æй æ фæллад къæхтæ гъæди астæу къæдзæхрæбун еу минкъий лæгæтгондмæ бахастонцæ. Лæгæти талингæ къуми уæрцци тарст бæдæлтти хузæн сæхе нилхъивтонцæ æртæ седзæр сувæллони. Æхебæл сæ бауæндун кодта, æ дзæкъоли ма ци къæбæрти мортæ адтæй, уонæй сæ бафсаста. Бон цæуй æма фарнæ хæссуй. Гъе, æма уæдæй фæстæмæ адæми фарнæ æма Хуцауи хуарзæнхæй хайгин силгоймаг знаги сосæггай æмбурд кæнун райдæдта ихæлд æма сугъд гъæути, дæрæнгонд сахарти æвæгæсæг седзæр сабийти. Æ уоди гъарæй сæ барæвдудта, цидæр бузуртæ сæбæл искодта. Дигоргоми Задæлески коми æ сабийти хæццæ æрцардæй еу устур лæгæти. Сæ еугуремæн дæр иссæй еумæйаг мадæ, хонгæ ба ’й кодтонцæ Нана. Гъомбæл сæ кодта гъæддаг рæзæ æма халсартæй. Уой фæсте уоститæ ракурдтонцæ, киндзити æрцудæнцæ æма гъæутæ исаразтонцæ.

Гъе уотæ Хуцауи сконд еу силгоймаг, æ муггаг æма ном кæмæн нæ зонæн, еци Нана багъæуай кодта æнæгъæнæ комидзаг адæми федæн æма хуарзæй байзадæй адæмти зæрдити, зарти, историй хуарзæн имисунæн. Бацудæй рохс дзиуари хузæн Иристони адæми мади сорæти, æма ’й еудадзугдæр кадæ æма намуси хæццæ æримисæн.

Задæлески гъæуи цæргутæн ба еци лæгæт Нанай гъомбæлгонд цæуæти фæдзæхстмæ гæсгæ иссæй ковæндонæ, æма ’й абони дæр хонæн Задæлески Нанай рохс ковæндонæ.

### ЗАДÆЛЕСКИ НАНАЙ КАДÆН БÆРÆГБОН ЗАДÆЛЕСКИ ГЪÆУИ



***Махъоти Хаджумарæн е 'мкосæг, еугонд «Севкавказэнерго»-й сæйраг инженер Виктор Попов уотæ имиста: «Цидæриддæр фарстай фæдбæл рацæуидæ дзубанди, уоми Хаджумар байгъосидæ иннети гъудитæмæ, лæмбунæг æркæсидæ гъуддагмæ, уæдта рахæссидæ унаффæ æма аллихатт дæр разиннидæ раст. Куд хецау, уотæ æхе некæд***



# АДÆМ ÆЙ ЗÆРДИРАЙÆЙ ИМИСУНЦÆ



**ХЕКЪИЛАТИ Цæрай,**
**(1933–2021), гъæуунхæдзарадон наукти кандидат**

Махъоти Хаджумар райгурдæй Пусулмон (Чиколай) гъæуи 1913 анзи – уæди рæстæги куд нимайиуонцæ, «хуасæ кæрдуни афони», уомæ гæсгæ хигъди гæгъæдити æ райгурæн бон амунд æрцудæй 15 августи, зæгъгæ. Биццеубæл цуппар анзи ку исæнхæст æй, уæд рамардæй æ фидæ. Ниййерæг мадæ Лезинка райзадæй седзæргæсæй æ минкъий, æнагъон сабийтæн – Хаджумар, Миймонæт æма Анисæн. Тæккæ кæстæр Хамбий ба райгурдæй фиди рамæлæти фæсте.

## ЗИН ЦАРДИ УАВÆРТÆЙ Æ НИФС ТУХГИНДÆР АДТÆЙ

Æнцон кæд адтæй седзæргæс силгоймаги цардиуагæ... Уæлдайдæр уæди æгудзæг рæстæгути… Ахид æй багъæуидæ Хаджумари агъаз, кæд ма æхуæдæг минкъий адтæй, уæддæр сувæллæнтти хестæр адтæй, æма ихæсти уæзæ дæр хъæбæрдæр уобæл ранцайидæ. Сæ фиди æнсувæр дæр æй сабургай, фал лæмбунæг ахур кодта косунбæл, амудта ин цæй хæццæ куд архайгæ 'й, уой. Хумæ æма тауни афони иннети хузæн кодта будуйрон куститæ. Кæстæр биццеу Хамбий дæр ку рагъомбæл æй, уæдта кусти уаргъ еугурæй дæр æрæнцадæй биццеутæн сæхебæл, фиди æнсувæр сæмæ æ цæстæ дардта, ци куд хуæздæр кæнгæ 'й, уой син багъæуаги байамонидæ, фæккæсидæ сæмæ.

Рæстæг куд тагъд уадæй, уотæ ирæзтæнцæ сувæллæнттæ. Хаджумар хицæ дæр куд нæ кодта е 'мгæрттæмæ, етæ сæумæраги скъоламæ ку уадæнцæ, уæд. Хаджумари ба уæд уомæ кæми евдалдæй – цудæй гъæдæмæ сог кæнунмæ, кенæ ба фагус ласта будурмæ. Фал уæддæр æ зæрдæ ба дардта, исон махæн дæр фæззиндзæнæй хуæздæр равгитæ, зæгъгæ. Æма уотæ рауадæй.

Советон хецаудзийнадæ уæд хумæтæги нæ худтонцæ косæг адæми хецаудзийнадæ. Уой фæрци 1923 анзи Хаджумар фиццаг хатт бакъахдзæф кодта скъолай къæсæри сæрти – биццеубæл уæд дæс анзи цудæй. Кæд ахур кæнун райдæдта, уæддæр ин, не 'нтæстæй алли бон урокти бадун, гъудæй будуйрон æма хæдзайрон куститæ æнхæст кæнун. Бийнонти тухст уавæртæмæ гæсгæ ин 1926 анзи рауадæй фиййауæй хæтгæ, æма рæстæгмæ ниууагъта скъола…

Уæдмæ гъæуи фæззиндтæй фæскомцæдесонти къуар æма Хаджумари зæрдæ дзурдта уони 'рдæмæ. Фал æ сæри зунди зелдох кодтонцæ сонт гъудитæ: «Ахур гъæуй, æнæ уомæй зонундзийнæдтæ кутемæй райсдзæнæ. Аци нæуæг царди хæмбохъулати æнæ исахур кæнгæ, æнæ ести гъæугæ хуарз дæсниадæ райсгæ, фæстегæй байзайдзæнæн. Размæ тундзгæ, рохсмæ!..»

Æцæгæйдæр, Советон паддзахади ирæзтæн гъудæй дæсни специалисттæ æма 1929 анзи октябри мæйи фæскомцæдеси унаффæмæ гæсгæ Хаджумар æрвист æрцудæй ахур кæнунмæ Дзæуæгигъæуи устур завод «Кавцинк»-и, («Электроцинк» уæд уотæ хундтæй) ци училище байгон æй, уордæмæ. Уоми ахур кодтонцæ аллихузи кустадон дæсниæдтæбæл. Хаджумар аци хабарбæл куд нæ бацийнæ кодтайдæ – æ еу сонт бæлдæ ке æнхæст кæнуй, уобæл!..

## ЦÆМÆ БÆЛДТÆЙ, Е ИН ÆНТÆСТÆЙ Æ УОДФЕДАРИ ФÆРЦИ

Бийнонти тухст уавæртæ лæдæргæй æй æ къах бæргæ нæ хаста æ мадæ æма кæстæрти разæй, куд син зæгъа хуæрзбон. Фал, уæддæр ранæхстæр æй сахармæ. Гъæуæй ку фæййеуварс æй, уæд æ мади къохтæй худ дзабуртæ раласта æ къæхтæй, гъома, ма бафехсуйуонцæ, зæгъгæ, ниввардта сæ æ фæндаггон хурдзини æма бæгъæнвадæй, æ къахдзæфтæ нимайгæй, ниййагайдта устур ампъезтæ кæнун.

– иссæй 5-аг разряди электромонтер, уæдта райста гæгъæди авдансон скъола фæуунбæл. Уой фæсте дууæ анзей дæргъи бакуста заводи электрон цехи монтерæй. Æ зæрдæ рохс кодта, уæлдайдæр ба уомæй, æма æ бон ке иссæй æ бийнонтæн цæмæйдæрти агъаз кæнун.

Ци æхца иста, уой æмбес æрвиста хæдзарæмæ, уæдта си еуæй-еу хатт ба æ къапеккитæй цидæртæ дæр бафæстауæрцæ кæнидæ, ести киунугæ ралхæнунмæ. Уотемæй æхецæн ба айдагъ цай æма дзоли карст, еуминкъий цæхгун кæсалгæй райевгъуйиуонцæ æ рæфтад кенæ æхсæвæр. Хъæбæр æй фæндадтæй идарддæр ахур кæнун, æма уой туххæй бухстæй нæхъæртондзийнæдтæн дæр. Лæдæрдтæй, æнæ зинтæй неци ес, бухсун гъæуй еу рæстæг.

Уæдмæ, 1934 анзи Пятигорски электромеханикон техникум Дзæуæгигъæумæ æрбаййивтонцæ, зæгъгæ, уой ку фегъуста Хаджумар, уæд æ цийнæн кæрон нæбал адтæй. Федарæй исфæндæ кодта: «Идарддæр ахур кæндзæнæн уоми!..» Райдайæни си адтæй уотид хебараеигъосæг. Фал цубур рæстæги фæсте тарнезæй, æ ахсæни язвæ фæззиндтæй, кæцитæй тухсун кодтонцæ. Æфсæддони ихæстæ æнхæст кæнуни аккаг ке нæбал адтæй Хаджумар, уомæ гæсгæ æрвист æрцудæй сæхемæ 1941 анзи феврали мæйи, мартъий ба нæуæгæй æрлæудтæй æ раздæри кусти уæлгъос.

## БИЙНОНТИ РÆВДУД - ЕУГУР ХУАСТÆЙ ДÆР ХУÆЗДÆР АГЪАЗГÆНÆГ

Уæдмæ райдæдта Устур Фидибæстон тугъд. Уæззау рæстæгутæ никкодта. 1941 анзи фæззæги немуцаг фашистон æфсæдтæ æрбахæстæг æнцæ Иристони арæнтæмæ. Тæссаг уавæртæмæ гæсгæ Хецауадæ рахаста унаффæ: Гизæлдони ГЭС-ий сæйрагдæр техникон дзаумæуттæ æрветун гъæуй Астæуккаг Азимæ. Еци гъуддаг фæдзæхст æрцудæй Хаджумарæн æма 'й æнтæстгинæй исæнхæст кодта. 1943 анзи тæккæ райдайæни, Иристони зæнхитæ знагæй куддæр исуæгъдæ 'нцæ, уотæ Хаджумари рарвистонцæ Астæуккаг Азимæ, цæмæй фæстæмæ сæ бунатбæл исæмбæлун кæна еци ахсгиаг агрегаттæ.

Кæмидæр еске бæхуæрдун ку баййафидæ, уæд æй рабадун кæниуонцæ æма уой фæрци æ над фæццубур уидæ, иссæуидæ æ къæхти фæллад. Хуцау æма хуарз адæми фæрци æнæ фидбилизæй исæмбалдæй æ бунатбæл.

Училищей син цуппар сахаттей дæргъи амудтонцæ уроктæ, уæдта иннæ цуппар сахатти ба заводи цехти косгæй бæлвурддæр кодтонцæ сæ зонундзийнæдтæ. Æнцон кæми адтæй æригон уодæн – еудадзуг æрхун кодта æ бийнонтæбæл, уой хæццæ ба ма кæми фæллад æма æстонг, берæ цидæр гъæуагитæ æвзурста. Фал æ нифс нæ састæй æхсист гъæуккаг биццеуæн. Заводи ахурти фæсте ма ирдта равгитæ æма хъаурæ æндæр скъоламæ уайунмæ, цæмæй фулдæр кодтайуонцæ æ зонундзийнæдтæ. Уомæ гæсгæ ба еци-еу рæстæги бафтудæнцæ æ къохи дууæ æнтæстдзийнади зæрдерис биццеу иссæй æцæг студент. Уæдмæ æркуста Гизæлдони ГЭС æма Хаджумари практикæмæ уордæмæ рарвистонцæ. Техникум 1937 анзи каст фæцæй, æма куд дæсни специалист, уотæ 'й кустмæ дæр ардæмæ байагурдтонцæ. Уæдæй фæстæмæ æ карнæ баст æрцудæй гидроэнергетики хæццæ, кæцимæн берæ æнзти дæргъци фæллæвардта æ хъауритæ æма зонундзийнæдтæ, фæсевæдæй берети исахур кодта æ дæсниадæбæл. Гизæлдони ГЭС-и райдæдта косун техник-лаборантæй, цуппар мæйей фæсте иссæй цехи сæргълæууæг.

Æ кустæй зæрдрохс адтæй, берæ хиццаг фæндитæ баста исонибони хæццæ. 1940 анзи сæрди Махъой-фуртмæ фæдздзурдтонцæ Сурх Æфсади рæнгъитæмæ æма еу рæстæги фæсте ин архайгæ рауадæй финти нихмæ тугъди. Уазал, уæззау уавæрти фæссæйгæ 'й рæугути



Хекъилати бийнонтæ, Хаджумари каййестæ: разæй бадунцæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) Ехья, Хадизæт, Борæхан, сæ фæсте лæуунцæ Таисæ, Мæхæмæт, сæ киндзæ Оля.



Хадизæт (галеуæрдигæй) æма Таисæ сæ кæстæрти цæуæти хæццæ.

**Уæрæсей 17 августи бæрæггонд цæудзæнæй инвалидти Еугуруæрæсеуон æхсæнадæ исарæзти Бон.**



Махъоти Хаджумар (галеуæрдигæй) е 'мкустгæнгути хæццæ.

Æнæгъæнæ мæйи дæргъци, устур зин уавæрти багъудæй еци гъуддаг исаразунæн. Фал уæддæр Махъой-фурт æ ихæслæвæрд æнтæстгинæй исæнхæст кодта æма ин уой фæдбæл Советон Цæдеси Адæмон Комиссариат исаккаг кодта Кади гæгъæди.

Электрон тухæ еци рæстæгути куд æхсицгæ гъудæй, уой алкедæр лæдæруй. Хъæбæр разæнгардæй архайдта Хаджумар е 'мкосгути хæццæ, цæмæй ГЭС тагъддæр æркоса, æма 1944 анзи сæрди е сæ къохи бафтудæй. Хецауади 'рдигæй син адтæй зæрдæбæл æмбæлгæ æхсицгон арфитæ, Кади гæгъæдитæ.

Гъо, етæ дæр хуарз æнцæ, фал æхсæвæй-бонæй тухкуст, æнæхуссæг, кæми ба æстонгæй дæр ке райзайидæ, еугур еци хабæрттæ фудæрдæмæ бæрæг кодтонцæ Хаджумари æнæнездзийнадæбæл. Хъауритæ фæлмаст кодтонцæ, кæд ма æригон адтæй, уæддæр. Фал æй Хуцауи дзурдæй фæцæй устур нивæ æма æ биййнойнаг Хекъилати Хъамболати кизгæ Таиси (Тæйбæт дæр æй худтонцæ) хæццæ æмвæндæ æма æмунаффæ адтæнцæ, кæрæдзей лæдæргæй æма нимайгæй дех кодтонцæ еугур зинтæ дæр, Таисæ имæ уæлдай лæмбунæг зилдæй. Хæдзари æфсийнæ, силгоймагбæл ци уаргъ ес, уой уæлæнхасæн ма е амал кодта аллихузи мадзæлттæ, цæмæй Хаджумар маци гъæуагæ уа, уæдта сæ дууæ сабийи дæр. Уæд еу ести, уæд иннæ ести баййевидæ цауæйнонтæн арси сойнæбæл æма Хаджумарæн ниуазун кодта, уой ин Хъобани гъæуи дæсни зæрæндтæ байамудтонцæ. Хуæнхаг кæдзос уæлдæф дæр æ агъази хай лæвардта. Цардиуагæ анзæй-анзмæ ке хуæздæр кодта, е дæр устур нифс уагъта адæми зæрдити.

## ÆРДЗОН ЗУНДÆЙ ПАЙДА КÆНУНÆН ИСКУРДИАДÆ ДÆР МА ГЪÆУЙ

Тугъди фæсте Иристони райдæдтонцæ аразун Дзæуæгигъæуи ГЭС. Гъудæй си фæлтæрдгун дæсни специалисттæ æма 1947 анзи ноябри мæйи Махъоти Хаджумар иссæй ДзæуГЭС-и директор. Цубур рæстæгмæ арæзтадæ фæцæй, фал идарддæр дæр кусти медæгæ æнæ дæсни косгутæй фезмæлæн кæми адтайдæ. Æма Хаджумарæн бантæстæй æхемæ æрбакæнун раздæр фæрсæй-фарсмæ æгудзæг уавæрти ке хæццæ куста, уони: Хугати Граф, Къусрати Тасо, Челæхсати Гаврил, Дзампати Бибо, Сергей Второв, Дзуццати Оханæ, Хъанухъти Тазрет – æцæг лæгтæ, зæгъæ, кæмæй фæсзæгъунцæ, уæхæн лæгтæ адтæнцæ, некæд некæци гъуддаги æй фæффудевгед кодтайуонцæ, æ зæрдæ сæбæл дардта. Уотæ зæгъун æнгъезуй æма Хаджумар «хурфæмæ» уидта адæймаги, некæд неке туххæй фæрæдудæй. Хъанухъти Тазрет уой фæсте берæ æнзти дæргъи æнтæстгинæй фæккуста ДзæуГЭС-и сæргълæууæгæй.

Хаджумари фæллойни надбæл адтæй еу уæхæн æздæхæн. 1953 анзи сентябри мæйи Хецауади унаффæй æвæрд æрцудæй Цæгат Кавкази электрон тухи управлений сæргълæууæги хуæдæййевæгæй. Кæмæдæрти уотæ фæккастайдæ, гъома, е дин устур бунат, кадæ, косунмæ берæ æнцондæр, айдагъдæр унаффæ кæнæ… Фал кæми!.. Хаджумар бæлвурд кустбæл ахур адтæй, æгириддæр аци бунат æ зæрдæмæ нæ цудæй, катай кодта, зæрдæ иваста æ уарзон агрегаттæ æма турбинити гур-гурмæ, кæций æхуæдæг хумæтæги нæ худта «симфони», зæгъæ. Еунæг анз тухтæ-фудтæй бафæразта управлений, уæдта иссæй ЭзминГЭС-и арæзтади директори хуæдæййевæг. Ахсгиагдæр къабази вазуггин фарстатæбæл дзуапп лæвардта Хаджумар, æма уони æнхæст кодта æнтæстгинæй, некæд неци къулумпи æрцудæй уой фæдбæл. Уæдмæ æркуста æма электрон тухæ дæттун райдæдта еци еума нæуæг ГЭС. Ами дæр бабæй фæббæрæг æнцæ Махъой-фурти дæсниадæ, зонундзийнæдтæ, хъаурæ. Рохси хай – адæмæн!.. Æ итаугутæй сæ еу ба уæддæр катайи бацæуй… Нæ, фагæ нæй, гъæуй косун, никкидæр ма ГЭС-тæ аразун, цæмæй Иристони еугурей хæдзæрти дæр, хонхи алли къумти дæр содза «Ленини цирагъ».

1960 анзи фæззиндтæй Цæгат Иристони еугур гидроэлектростанцитæ кæми 'рцудæнцæ, уæхæн дирекци «Севкавказэнерго» æма æ сæргълæууæгæй федаргонд æрцудæй Махъоти Хаджумар.

Хъæбæр æнтæстгинæй разамунд фæллæвардта устур кустадон къуарæн саунæнгæ 1975 анзи уæнгæ, цалинмæ пенсимæ нæ рацудæй, уæдмæ. Берæ косгутæн бахай кодта æ зонундзийнæдтæй, уой фæрци цал æма цал адæймаги æрлæудтæнцæ сæ къæхтæбæл, иссæнцæ дæсни специалисттæ, инженертæ, разамонгутæ.

Дзæвгарæ рæстæгути уæхæн уавæр адтæй, æма агрегаттæй ескæци хай ку басæттидæ, уæд æй ласун гъудæй ескумæ, цæмæй рæвдзæгонд æрцудайдæ. Хаджумар æркастæй еугур равгитæмæ дæр æма иссирдта мадзæлттæ, исараста æнæгъæнæ комплекс, кæцими сæхуæдтæ цалцæг кодтонцæ агрегаттæ, уой дæр раст цума сæрмагонд заводти, гъе уотæ. Кæд институт нæ фæцæй каст, уæддæр некæци ахургонд инженерæй минкъийдæр зудта æ куст, уайтæккæ райахæссидæ нæуæг гъуддæгутæ, еузагъдæй, æрдзон зундæй адтæй хъаурæгин.

## ЦАРДИ НИВÆЙ, БИЙНОНТИ ФАРНÆЙ ХАЙГИН – ХУАРЗ АМОНДÆН МА ÆНДÆР ЦИ ГЪÆУЙ!..

Хаджумари еухатт е 'мкосгутæй кадæр хинцфæрсæ ракодта:

– Партий иуонг дæ æви нæ?

– Æз коммунист дæн, партий иуонг нæ дæн!.. – еци федарæй ин загъта Хаджумар.

Гъо, æцæгæй коммунист адтæй, еци устур ном хаста кадгинæй, æхе ба ихæсгин кодта æ еци ном кæдзос æма раст, арфиаг гъуддæгутæй цитгин кæнунæй. Абони ма уæхæнттæ кæми ес!.. Кæдзос æма раст уоди хецау, кустуарзон, хуæрзæгъдау, адæмуарзон адæймаг, куд Дзæуæгигъæуи сахари фæллойнæгæнгути Советти депутат, уотæ, кæддæриддæр агъаз кодта адæмæн кусти æма цæрæнбунæтти фарстати фæдбæл. Æвæдзи си нæ иронх кодта, æ рæстæги сæхе бийнонти тухст уавæртæ дæр. Е 'нсувæр Хамбийи хæццæ сæхе хъаури фæрци хизтæнцæ уæлæмæ царди зин исхезæн асийни къæпхæнтæбæл. Æма, æвæдзи, хъæбæрдæр уомæ гæсгæ устур æргом æздахта косгути цард æма фæлладуадзæн уавæртæмæ. Кæд æ бæрнон ихæстæ уотемæй дæр хъæрдтæнцæ, уæддæр Хаджумарæн ку бафæдзæхстонцæ уолæфæн базæ исаразун, уæд еци гъуддагмæ бавналдта хъæбæр разæнгардæй. 1974 анзи уалдзæги фæлладуадзæн базæ «Энергетик» арæзт æрцудæй коллективи хъауритæй. Фæззиндтæй хуарз уавæртæ, куд уолæфунæн, уотæ бæрæгбæнтти бабадт аразунмæ дæр. Фал Советон Цæдеси ниппурхи фæсте базæ кедæр къохи бафтудæй… Хуарз æма Хаджумар нури фудмиутæ нæ фæуудта, æндæр æ зæрдæ ратудтайдæ фурзинæй. Косæг адæми фæллæнттæ бахаудтæнцæ еугай цæстфæлдахгутæ æма адæми еумæйаг есбойнадæ хæлæттаггæнгути къохтæмæ, косæг лæг исæгадæ æй, давгутæ æма æдзæсгæнттæ ба искадгин æнцæ…

Хаджумар ескæми æгъдауи фæдбæл уогæй, кенæ ести бæрæгбони, уæддæр куд устур хецау, уотæ хецæн фингæ кæнун некæд уагъта, карзæй фæззæгъидæ, æз мæнæ мæ адæми хæццæ бадун, зæгъæ.

Мадта æ зонундзийнæдтæй дæр берети бафтауидæ деси. Уой туххæй уин уæхæн дæнцæн æрхæсдзæнæн. Сталинграды аспирантури ахур кодтон гъæуунхæдзарадон институти. Æма еу хатт уордигæй мæ хæццæ исхудтон еу профессори. Куд мæ хæстæгутæ, уотæ иуазæггади бацудан Хаджумаретæмæ. Мæ сталинградаг иуазæги ести десæгтæй барæвдауон, зæгъæ, фæндæй æз Хаджумари биццеу, минкъий Олеги радзорун кодтон æмдзæвгæ. Минкъий биццеу уруссагау куд кæдзос дзоруй, уой профессор ку фегъуста, уæд деси бацудæй. Е нæ, фал ма уой ку базудта, биццеу дæр, Хаджумар дæр славянтæ нæ 'нцæ, фал кæдзос дигоронттæ, уæдта дзурдгъон нæбал иссæй. Никки хъæбæрдæр деси бацудæй, Хаджумар æ хæццæ аллихузи фарстатæбæл дзубанди кæнгæй, арф зонундзийнæдтæ ку бавдиста, уæд. Нæ 'й æруагæс кодта, Хаджумар айдагъ инженер ке 'й, е.

Царди нивæй хайгин адтæй Хаджумар. Æ амонд дæр иссирдта афонæбæл, 1937 анзи æ минæвæрттæ бахуастонцæ Хекъилати Хъамболати хæдзари дуар, сæ хори тунæ Таиси (Тæйбæти) къохагор. Байеу кодтонцæ дууæ æригон уоди сæ цард, берæ æнзти дæргъи фæразтонцæ сæ хъисмæти еумæйаг уаргъ федарæй хæссун, цийнагбæл цийнæ кодтонцæ.

1938 анзи уалдзæги сæмæ фæззиндтæй цъæхцæстæ кизгæ, равардтонцæ ин ном Земфирæ. 1940 анзи кæрони ба райгурдæй Олег. Фæндон гъуддæгутæ кæми адтæнцæ царди уавæртæ уæди доги, фал уæддæр бийнонтæн сабургай бантæстæй хе хæдзарæ исаразун, æрбундор æнцæ тумугъ бийнонтæй.

## Æ НОМ ÆНОСОН ÆЙ Æ АРФИАГ ГЪУДДÆГУТИ, Æ БУНДАРТИ КАРНИ

Махъоти Хаджумар æнзтæй берæ нæ бакайдта – æдеугурæй 64 анзи фæццардæй. Фал ин бантæстæй хъæбæр хуарз гъуддæгутæ исаразун. Дзиллитæ си алкæддæр боз адтæнцæ, адтæй æцæг лæг, кусти дæр æма адæми 'хсæн дæр. Кæстæртæй æ зæрдæ рохс кодта, ирæзтæнцæ æнæнезæй, хуæздæр цардиуаги.

Фал æ еци амондæй фæццийнæ кæнунæн рæстæг ин æгæр рацубуртæ æй – 1977 анзи 11 сентябри цардгъæуагæй Хаджумар рацох æй уæлзæнхон дуйней рохсæй. Фал æ карнæ уоййадæбæл нæ фæцæй – æ фæсте ниууагъта дзæбæх бийнонтæ æма устур кадæ.

Æ бийнойнаг Таисæн хеуæнттæ, бийнонтæ рохсаг загътонцæ 1995 анзи. Хаджумари фæсмæрдæ берæ арф гъудити ранигъулидæ Таисæ, æ зæрди æрæфтуййонцæ сæ царди хабæрттæ, кæд си берæ адтæй уæззау уавæртæ, æгудзæг рæстæгутæ, уæддæр си фулдæр ба зæрдрохсдзийнадæ адтæй. Уой Таисæ æ зæрдæбæл хъæбæрдæр дардта, уомæ гæсгæ ин æ кæстæртæ æ мæтъæл цæстингас некæд фæууидтонцæ.

– Нæ, цийфæнди ку уа, уæддæр цард цард æй, нæ фæсте заманай кæстæртæ ес, уæд син игъæлдзæг цард, – зæгъидæ Таисæ.

Уой туххæй хъазауат кодта Хаджумар дæр. Æма абони сæ сугъзæрийнæ кæстæртæ, сæ ниййергутæбæл цийфæнди гъенцъун кæнгæй дæр зæрдрохсæй сæ имисунцæ, уомæн æма син дессаги мадæ æма фидæ адтæнцæ, адæми 'хсæн нимад. Æма сæ кæстæртæ дæр архайунцæ сæ ном, сæ кадæ син бæрзонд хæссунбæл.

Хуарз адæймаги, æцæг лæги ном иронх некæд æй!.. Æцæгæйдæр уотæ ке 'й, уомæн æвдесæн æй е дæр, æма Махъоти Салай фурт Хаджумари нерæнгæ дæр ма арфиагæй имисунцæ нæ дзиллæ. Дзæуæгигъæуи ГЭС-и азгъунсти фарсбæл цалдæр анзей размæ федаргонд æрцудæй æ номерæн къæйдорин фæйнæг.




Майрæнбони, 18 августи бæрæггонд цæудзæнæй еумæйаг æвзаги Бон. Æ нисан – цæмæй адæмтæн æвзаг исуа кæрæдзей лæдæрун æма нимайуни фæрæзнæ.

*Тагъд медицинон агъази республикон станци директор Туати Таймоpази загъдмæ гæсгæ, нуртæккæ сæмæ æрбадзоргути бæрцæ сутки дæргъи исуй æхсæзсæдемæ хæстæг. Агъаз фулдæр багъæуй, зæрди æма тогдадзинтти системи незтæй ка сæйуй, уони, уæдта губуннез æма респираторон-вирусон инфекцитæй гъигæдард баййафгути. Адæмæн аци бæнтти лæггадæ кæнунцæ 65 медицинон бригади.*

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ ДÆ КУ УА, УÆД ИННÆ ГЪУДДÆГУТÆ БА АГОРГÆ ÆМА ИССЕРГÆ ÆНЦÆ!..

# ТÆВДÆ БÆНТТÆ ÆМА АДÆЙМАГИ РАВГÆ

***Сæрдигон тæвдæ бæнтти фулдæр гъæуй дон ниуазун, комкоммæ хори тунтæй хе гъæуай кæнунæн, хуарз æй сæрбæл рæуæг ходæ дарун, синтетикон хъумацæй дзаумæуттæ феронх кæнун, фунæй кæнуни размæ уатмæ кæдзос уæлдæф баудзун – аци амунддзийнæдтæ æнцæ хумæтæг æма сæ алкедæр зонуй. Фал ес, адæм ке нæ зонунцæ, уотемæй ба пайда ка ’й, уæхæн сосæгдзийнæдтæ дæр.***



**Зæгъæн, ес, æртæ минуттемæ ракæнун ке æнгъезуй тæвди нихмæ, уæхæн массаж.** Хори содзгæ тунтæ, тæккæ фиццаг, бахъор кæнунцæ сæрихъанз æма нервти системæ. Бауæри алли оргæн организммæ «фæдес» кæнун райдайуй, уæхæн тæвди нæ бон косун нæй, зæгъгæ. Еци «фæдес» организммæ бахъæртуй нервтæн сæ кæрæнттæй. Сæрихъанз «фæдес» фегъосуй, æма æ ихæс æй уавæртæ раййевун, цæмæй бауæри оргæнтæн сæ бон косун уа зин уавæрти дæр. Уомæн хъæбæр агъаз æй, адæймагæн æхецæн æ бон искæнун ке ’й, уæхæн массаж – æдеугурæй æнцæ æртæ фæлтæрæни, алкедæр си еу минуттæй фулдæр кæнун нæ гъæуй. Кæнун сæ гъæуй бони дæргъи кæцифæнди афони дæр.



**Фиццаг фæлтæрæн:** устур æма амонæн æнгулдзитæй хъæбæр балхъеветæ гъости æлгътæ.

**Дуккаг:** бункаг билæ æма зекъи ’хсæн ци цъасæ ес, уомæн æ астæубæл хъæбæр ниххуæцетæ устур æнгулдзитæй.

**Æртиккаг:** дууæ къохей устур æма кæстæр æнгулдзитæн сæ фæлмæнтæ кæрæдзебæл райвæретæ æма сæ кæрæдземæ хъæбæр нилхъеветæ.



**Æнхъуæти нихмæ агъаз кæнуй цъæх хузæ.** Уомæ гæсгæ уæхæн бони фулдæр кæсун гъæуй, нæ алливарс ци цъæх кæрдæг æма зайæгойтæ ес, уонæмæ. Хори нихмæ кæсæнцæститæн дæр се ’вгитæ гъæуама уонцæ цъæх. Гъуддаг уой медæги æй, æма цъæх хузæ хуæздæрæрдæмæ ахедуй цæстигагуйæн æ нервти кæрæнттæбæл. Уомæй уæлдай, сæ хузæ цъæх кæмæн æй, уæхæн халсартæ организмбæл ахедунцæ, куд уазалгæнæн, еци хузи. Уомæ гæсгæ фулдæр хуæретæ хуæргæнæстæ, кабачок, цуккини, цъæх салати сифтæ. Уотемæй ма адæймагæн æ уæзæй рахаудзæнæй еу-дууæ килограмми. Æма е æхуæдæг дæр цæйбæрцæбæл хуарз æй!

**Цъæхтæ, бортæ, мудхузтæ** – алли хузтæ дæр, карз сурхæй фæстæмæ, хуарз агъаз æнцæ тæвдæй багъæуай кæнунæн. Адæймаги дзаумауи фулдæр гъæуама уа хъæбæр цъæххуз, салатхуз, борхуз, æма сиренхуз дарæс. Уæхæн дарæси бауæр хуæздæр уолæфуй.



**Нæ гъæуайгæнæг – элеутерококк**. Аци зайæгой æй хийнæйдзаг. Хонунцæ ма ’й æрдзон тухæдæттæг. Аллихузон стресстæ, бонигъæди хæццæ баст стрессти нихмæ е федар кæнуй организм, аллихузон уавæртæбæл цæмæй райахур уа, уой туххæй ин агъаз кæнуй. Зайæгойæн æ дон ниуазун гъæуй дууæ къуæрей дæргъи, бонæ – 25-30 тъинкки. Хуæздæр уодзæнæй сæумæй си раниуазун, цайбæл бафтаун дæр æй æнгъезуй.

**Мелиссæ æма розмарин** – аци дууæ зайæгойи æнцæ бауæрæн тухæдæттæг æрдзон фæрæзнитæ. Уонæй хуарз æй цай исфицун (тæвдæ дони еу агувзæбæл никкæнун гъæуй еу цайцумæн уедуги дзаг мелиссæ æма розмарини цалдæр сифи). Цай ку æруазал уа, уæд ибæл æнгъезуй бафтаун лимони лæмарæн æма еуминкъий бетъина. Рауайдзæнæй си организм уазалгæнæн дессаги лимонад. Изæрæй æй исцæттæ кæнетæ, уæдта си бони дæргъи ниуазетæ.



**Ехтæ æма арт æнцæ æмбæлттæ**. Гъо, дессаг макæмæ фæккæсæд. Тæвдæ бони уæхе цæмæй хуæздæр æнкъарайтæ, уой туххæй хуарз æй ехи массаж. Ехи дууæ къæртти уæ къохмæ райсетæ æма сабургай массаж кæнун райдайетæ мæкъур, тæрних, бæрзæй (уоми аллирауæн дæр ес тоги æлхъивдадæбæл дзуапдæттæг биоактивон бунæттæ). Уой фæсте ехтæ райвæрун гъæуй рæмбуйникъæдзæбæл, уæргутæбæл, къæхти фæттасæнтæбæл.

Физикон фæлтæрæнтæ æма тæвдæ бæнттæ – еумæйагæй син неци ес. Тæвдæ бæнтти физикон æгъдауæй гъæуй микъийдæр архайун, адæймаг хед цæмæй кæна æма организм тауæггур æма уорсаг цæбæл харз кæна, уæхæн физикон фæлтæрæнтæ æма спортивон гъæзтитæ – футболæй, баскетболæй гъазун, догъ кæнун, тренажертæбæл архайун – рæстæгмæ гъæуй феронх кæнун. Е уотæ нæ амонуй, æма æзмæлун æгириддæр нæбал гъæуй, фал фæлтæрæнтæ гъæуй зингæ фæррæуæгдæр кæнун, зæгъæн, тезгъо кæнун сабургай (хормæ нæ, ке зæгъун æй гъæуй, фал сæумæраги кенæ ба – изæрæй), бассейнмæ цæун, рæуæг гимнастикæ кæнун. Уæхæн фæлтæрæнтæ организм æфсадунцæ тауæггурæй, æма е хуарз æй.



Æма ма еу гъуддаг – **æнхъуæт бæнтти зианхæссæг æнцæ адгийнæгтæ æма содзагæ хуæруйнаг.** Тæвди адæймаг æнæуойдæр хед кæнуй, етæ ба ин æй бустæгидæр ракалунцæ. Пайда ’нцæ, уорсаг æма клетчаткæ кæми уа, уæхæн хуаллæгтæ, зæгъæн, тæвдæ бони заманай хуæруйнаг æй карки уорс фид æма цъæх салати сифтæ еумæ. Ниуазун гъæуй, тауæгадæ ка кæнуй, уæхæн дæнттæ. Фал хумæтæг донæй пайда дæр неци ес. Е адæймагæн е ’донуг куд сæттуй, уотæ неци.

Тæвдæ бæнтти уæхе гъæуай кæнетæ æма æнæнез уотæ!

***Медицинон профилактики республикон Центр***





# УÆХЕ ГЪÆУАЙ КÆНЕТÆ!..

***Бонигъæди нури æнахъæл тæвдити рæстæг тæссаг æй уæззау инфекцион незтæй фæссæйгæ унæй. Уæлдайдæр ба тъæнгти незтæ – губуни тиф, паратифтæ, губуннез (дизентерия), халерæ æма иннетæ.*** Уонæй хе багъæуайгæнæн ес, санитарон мадзæлттæ æма гигиени хумæтæг домæнтæ æнхæст кæнгæй. Сувæллæнттæбæл тъæнгти нез ахид бацæфсуй, алцидæр сæ гъæлæсмæ ке есунцæ, уой туххæй. Уотемæй хæлеу кæнунцæ тъæнгти инфекцитæ.

Еуæй-еу хуæруйнæгтæ, зæгъæн, аллихузон салаттæ, паштеттæ, фарш уæлдай хуарз æнцæ микробтæ парахат кæнунæн. Уæхæн хуæруйнæгтæн уазалгæнæни дæр берæ дарæн нæййес. Губуннез æма тъæнгти æндæр незтæ ахид бацæфсунцæ цъумур рæзæ æма халсартæй. Уæлдай тæссагдæр æй хуæргæнасæй, пъамидорæй, фæткъу, æндæр рæзæ æма халсартæй, уомæн æма сæ тæвдæ дони нæ фехснунцæ.

Тъæнгти незтæ фæззиннунцæ хом æхсир ниуазуни фудæй, сауæнгæ дони фудæй дæр. Уаруни æма æндæр цъумур дæнттæ ахид бахаунцæ, æ сæр хуарз æхгæд кæмæн не ’рцудæй, уæхæн донуæттæмæ, кенæ хуарз арæзт ка не ’рцудæй, уæхæн цъайтæмæ.

Инфекци парахатгæнгутæ ’нцæ биндзитæ дæр. Карз инфекцион тъæнгти незтæй адæм ахиддæр сæйгæ кæнунцæ сæрдигон. Уонæй багъæуай кæнуни мадзæлттæ ’нцæ хумæтæг, фал зæрдæбæлдаруйнаг:

– фиццагидæр, къохтæ алкæддæр гъæуама уонцæ кæдзос, æхснун сæ гъæуй хуæрди размæ, хуæруйнаг кæнун райдайуни размæ, сувæллонæн хуæруйнаг даруни размæ, иуазæгдонæй алли рацуди фæсте дæр;

– халсартæ, рæзæ, гагарæзæ хуæрун æнгъезуй, цалдæр донеми сæ ку нихснайтæ, уæдта сæбæл фицгæ дон ку рауадзайтæ, айдагъдæр уой фæсте;

– æ сæр игон кæмæн æй, уæдта, æ уавæр зæрдæдзоргæ кæмæн æй, уæхæн донуат кенæ цъайæй ниуазуни дон гъæуй фицун;

– æхсир дæр гъæуй фицун;

– кæми цæретæ, еци бунати кæдзосдзийнадæ гъæуай кæнетæ;

– биндзæ хæдзарæмæ ма уадзетæ, хуæруйнæгтæ гъæуай кæнетæ, биндзæ сæбæл куд не ’рбада, уотæ;

– губуннез минкъийдæр бафеппайгæй, дохтирмæ батагъд кæнетæ, адæймаг æхуæдæг æхе дзæбæх кæнун райдайа, уомæн æруадзæн нæййес.

Аци хумæтæг амундтитæ æнхæст кæнгæй, тъæнгти инфекцийæй уæхе багъæуай кæндзинайтæ.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 1761.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 11.08.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 11.08.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**